



Pou Piblikasyon Imedya: 06/10/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE VIL BATAVIA KÒM GAYAN 10 MILYON DOLA NAN REJYON FINGER LAKES LA NAN KAD DEZYÈM FAZ INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL LA

Eta a pral Kolabore ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes la pou Revitalize Anba Lavil Vil Batavia

Sa fè pati Apwòch Global Gouvènè a genyen pou l Transfòme Kominote yo pou yo Vin Tounen Katye Dinamik epi Ranfòse Ekonomi Lokal la

Investisman an ap Konpleman Inisyativ “Finger Lakes Forward” lan – ki se Estrateji Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo ak Devlope Ekonomi an

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Vil Batavia lan pral resevwa 10 milyon dola nan finansman ak investisman kòm gayan Finger Lakes la nan kad dezyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la (Downtown Revitalization Initiative, DRI). Menm jan ak premye faz DRI la, yo pral chwazi yon minisipalite nan chak nan 10 rejyon devlopman ekonomik rejyonal eta a kòm gayan 10 milyon dola, sa k ap make yon lòt objektif jeneral eta genyen pou l sible 100 milyon dola nan finansman ak investisman pou ede kominote yo idantifye pwojè katalizè nan sant vil la a yo pou yo ranfòse ekonomi lokal la.

“Prim 10 milyon dola sa pral ede atire travay, favorize investisman prive epi transfòme anba lavil Batavia pou vin tounen yon sant dinamik, divès ak biznis ki aktif sou plan ekonomik epi kiltirèl”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nan investi nan fòs inik kominote lokal yo, nou ap atire renesans ekonomik epi kontinye fè Finger Lakes vanse devan.”

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes an (Finger Lakes Regional Economic Development Council) te pase atravè yon pwosesis revizyon konpetitif pou pwopozisyon ki soti nan kominote yo ki atravè rejyon an, epi konsidere tout ywit kritè ki anba la yo anvan ke yo rekòmande Batavia kòm chwa li pou gayan:

- Anba lavil lan ta dwe konpak, ak limitasyon ki byen defini;
- Minisipalite an, oswa zòn kaptaj anba lavil lan, tra dwe gen yon dimansyon ki sifizan pou kapab sipòte yon anba lavil dinamik pandan tout ane an.

- Anba lavil la ka kapitalize sou envestisman prive ak piblik fiti oswa anvan yo ki nan vwazinaj la ak zòn ki alantou yo;
- Ta dwe gen yon ogmantasyon nan kantite pòs travay resan oswa ki iminan, oswa ki tou pre anba lavil la ki ka atire travayè yo nan anba lavil, sipòte redevlopman epi fè kwasans dirab;
- Anba lavil la dwe se yon kominote ki vivab epi atiran pou divès popilasyon tout laj yo, ki enkli abitan aktyèl, travayè ki talantye ak milenyè yo.
- Minisipalite an ta dwe deja ap resevwa oswa posede kapasite pou kreye epi reyalize politik yo ki ap ogmante vivabilite ak kalite lavi, ki enkli itilizasyon bank tèren lokal yo, kòd repatisyon zòn modèn yo ak estanda pakin yo, konplete plan lari yo, pwojè efikasite enèjetik yo, travay vèt yo, ak devlopman ki oryante nan transpò;
- Minisipalite an ta dwe mennen yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi elaji ki ap abouti an yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis preliminè pwojè ak inisyativ ki kapab enkli nan yon plan envestisman estratejik (Strategic Investment Plan) DRI; epi
- Minisipalite an te idantifye pwojè transfòmatif yo ki pral pare pou reyalizasyon ak yon enfizyon finansman DRI yo nan premye nan de ane yo.

Viktwa Batavia nan kad dezyèm faz DRI an bal dwa pou li resevwa 10 milyon dola nan finansman ak envestisman eta yo, pou kapab revitalize vwazinaj anba lavil li yo epi jenere nouvèl opòtinite pou kwasans alontèm yo. Kounye a Batavia ap rejwenn Vil Geneva a ki te gayan premye faz DRI a nan rejyon Finger Lakes.

Gouvènè Adjwen an, Kathy Hochul, te deklare, “Anons jodi a ki di ke Batavia se gayan dezyèm faz prim Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil lan ki ap reflekte lidèchip ki te deja fè distrik biznis santral vil lan vin yon istwa reyisit. Ak plan ki deja an plas pou aliye nouvo devlopman ak objektif estrateji DRI yo, Batavia pozisyone pou vin tounen kè yon ekonomi rejyonal ki divès epi ki ap devlope, soti depi nan èv atistik pou rive nan agrikilti, fè vanse manifakti, ak konpayi jèn antrepriz antreprenaryal yo.”

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zensky, te deklare, “Vil Batavia te prezante yon plan ki djanm anpil, ki kolaboratif, ki baze sou kominote a ki konsantre sou envestisman piblik-prive ki entelijan yo. Felisitasyon poutèt nou ranpòte dezyèm faz nan konpetisyon DRI transfòmatif lan.”

Rossana Rosado, ki se Sekretè Eta nan New York, te deklare, “Finansman Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil lan pral ede fòtifye anba lavil Batavia, ofri opòtinite pou kreyasyon travay ak kwasans ekonomik, pandan ke l’ap rann zòn lan pi vivab pou kenbe abitan ki deja la yo epi atire nouvo abitan yo tou. Depatman Eta a pral kontinye travay de prè ak kominote atravè Eta New York yo pou ede yo devlope vwazinaj ak anba lavil yo.”

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kominote ak Kay yo nan Eta New York (NYS Homes and Community Renewal), te deklare, “Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Gouvènè Cuomo a ap ede pote nouvèl vi epi pote nouvèl

opòtinite pou vil tankou Batavia lan yo, sa k'ap mete yo sou yon wout pwosperite. Envestisman 10 milyon dola sa nan Batavia fè pati yon objektif estratejik pou eksplwate atou ekstrayòdinè anba lavil yo atravè eta a - sa ki ap ogmante aksè a lojman, kreyasyon travay epi atire opòtinite rekreyatif ak kiltirèl yo, epi anrichi epi amelyore kalite lavi nan tout rejyon an.”

Senatè Michael H. Ranzenhofer te deklare, “Envestisman 10 milyon dola sa pral bay zouti ak resous ke vil Batavia bezwen pou kapab reyisi. Ansanm, nou pral pote anba lavil Batavia nan lòt nivo - transfòme li an yon santral aktivite ak enteresman. Nan revitalize vwazinaj lokal nou yo, nou ap fè vanse ekonomi Rejyon Nò Eta nou an devan.”

Manm Asanble Steve Hawley te deklare, “Mwen ekstrèmman kontan dèske yo te seleksyone Batavia kòm yonn nan gayan ane sa yo nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil lan, epi mwen remèsye Gouvènè Cuomo ak lidè devlopman ekonomik eta yo poutèt yo pataje vizyon mwen de potansyèl imans vil lan. Batavia se yon kote ki ekstrayòdinè epi lè mwen t'ap grandi la a mwen te wè biznis, enfrastrikti ak abitan li yo epanwi epi fleri. Finansman sa pral ede finanse divès pwojè nan distrik biznis ak anba lavil Batavia ki pral favorize kominote biznis nou an, ankouraje nouvo touris epi kreye yon pi bon kalite lavi pou moun Batavia, epi mwen espere wè pwogrè yo ak de zye mwen.”

Eugene Jankowski Jr., ki se Prezidan Konsèy Vil Batavia te deklare, “Angajman 10 milyon dola Gouvènè an nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil lan ap rive nan yon peryòd kote Batavia sou pwèn pou konnen divès kwasans ak devlopman ekonomik majè. Prim lan pral pwopilse efò nou yo devan pandan ke kominote nou yo ap kontinye travay ansanm pou ranfòse epi devlope anba lavil lan. Pa gen dout ke travay ak devlopman sektè prive yo pral rive apre envestisman sa. Mèsi Gouvènè Cuomo ak popilasyon Eta New York, poutèt sipò nou pou rejyon nò Eta New York ak Vil Batavia.”

Batavia

Anba lavil Batavia se yon vwazinaj miltifonksyon, ki a pri abòdab ki gen aksè a travay, biznis ankraj yo, ak sèvis pou vil ak konte yo. Zòn nan gen yon fondasyon ki ekselan sou sa pou li kontinye revitalizasyon li, ki enkli enstalasyon tankou espas rekreyatif yo, etablisman swen sante yo, mache manje yo, bibliyotèk, ak divès espas lavant an detay ak restoran yo ki nan yon anviwònman kote moun ka mache. Vil lan pral kapitalize sou efò planifikasyon presedan yo pou kapab gide envestisman nan zòn DRI an epi konsantre sou pwojè transfòmatif yo. Atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil lan, Vil Batavia pral akselere redevlopman batiman ki egziste yo, epi kreye biznis adisyonèl ak opòtinite rezidansyèl anba lavil yo. Nan envesti nan klima antreprenaryal ak kalite anviwònman anba lavil yo, epi nan ankouraje divèsite etnik ak modèl lavi ki aktif yo, Batavia espere favorize yon klas travayè ki kreyatif ki pral ankouraje kwasans travay pèmanan.

Batavia pral kounye a kòmanse pwosesis devlopman yon Plan Envestisman Estratejik pou revitalize anba lavil li ak jiska 300,000 dola nan fon pou planifikasyon yo ki soti nan sibvansyon DRI 10 milyon dola a. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè

prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Envestisman Estratejik pou anba lavil Batavia li pral egzamine atou ak opòtinite lokal yo, epi idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè yo ki aliye ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon anba lavil la, epi ki pare pou reyalizasyon. Plan Envestisman Estratejik pou anba lavil Batavia pral gide investisman fon sibvansyon DRI yo nan pwojè revitalizasyon yo ki pral fè vanse vizyon kominote a pou anba lavil li a, epi ki ka favorize ak ajoute sou investisman 10 milyon dola eta a. Plan pou dezyèm faz DRI la yo pral fin konplete nan kòmansman ane 2018 la.

Anons jodi a vin konplete pwogram “Finger Lakes Forward”, ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè. Eta a te investi deja plis pase 5.2 milya dola nan rejyon an depi ane 2012 la pou reyalize travay preparatwa pou plan – lè li investi nan endistri kle yo ki gen ladan yo fotonik, agrikilti ak pwodiksyon pwodwi alimantè, ansanm ak manifakti avanse Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gwo Resesyon an; taks revni pèsònèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou devlope epi investi. Kounye a, rejyon an ap akselere ak pwogram “Finger Lakes Forward” la ak yon investisman 500 milyon dola Eta a te fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a (Upstate Revitalization Initiative), ke Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan. Envestisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, ale sou <https://www.ny.gov/programs/downtown-revitalization-initiative>.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418